

# Oryantasyon Aktyalize sou Izolman ak Ekspozisyon nan Anviwònman Lekòl K – 12

**Kalkile kantite jou:** Si ou **teste pozitif** pou COVID-19 epi ou prezante sentòm, Jou 0 se premye jou ou gen sentòm. Jou 1 se premye jou konplè apre sentòm ou yo te devlope. Pou **ka san sentòm**, jou 0 se dat tèz pozitif la; sepandan, si w vin devlope sentòm nan 10 jou, ankonsekans konte a rekòmanse nan jou 0 nan jou sentòm yo parèt la. Pou **ekspozisyon** jou 0 se jou dènye ekspozisyon devan yon ka pozitif la.

Teste Pozitif  
pou Covid-19

## IZOLE –Pandan 5 jou, kèlkeswa estati vaksinasyon

- Rapòte ka pozitif bay enfimyè lekòl la/kowòdonatè COVID la epi swiv rekòmandasyon lekòl la.
- Si w pa kapab mete yon kachnen, izole lakay ou pandan 10 jou.

### Ak sentòm:

Ou ka mete fen nan izolman an **5 jou apre** sentòm yo te parèt pou premye fwa

- **SI:** Gen 24 èdtan san lafyèv san w pa pran okenn medikaman pou bese lafyèv
- **SI:** Lòt sentòm COVID-19 ap amelyore (pèt gou/odè ka dire plizyè semèn epi pa ta dwe retade fen izolman an)
- **EPI:** Epi mete yon kachnen ki byen chita pou pwochen 5 jou yo lè w pami lòt moun, alafwa lakay ou, ak deyò lakay ou.\*

### San Sentòm:

- **Izole pou 5 jou** apati tèz pozitif COVID-19 ou an. Mete yon kachnen ki byen chita pou pwochen 5 jou yo lè w pami lòt moun, alafwa lakay ou, ak deyò lakay ou.\*

\* Altènativman, lekòl yo ka chwazi yon **strateji ki baze sou tèz** pou otorize etidyan/anplwaye retire kachnen yo pi bonè:

- Si yo gen de (2) tèz antijenik negatif youn apre lòt, ki separe sou 48 èdtan, kote premye tèz la te reyalize sou jou 6, yo ka retire kachnen yo apre dezyèm tèz negatif la.
- Si youn nan tèz yo pozitif, yo dwe kontinye itilize kachnen an epi tann omwen 48 èdtan anvan yo pran yon lòt tèz. Yo dwe kontinye mete yon kachnen epi pran tèz antijenik ki separe sou 48 èdtan jiskaske yo resevwa de (2) rezilta tèz negatif youn apre lòt.

EKSPOZE A  
COVID-19

## Apre ekspozisyon, kòmanse prekosyon imedyatman:

- **Okenn karantèn** pa nesèsè, dapre rekòmandasyon aktyalize ki soti nan men CDC
- **Mete yon kachnen ki byen chita pandan 10** jou lè w pami lòt moun
- Pran tèz sou jou 5 lan (oubyen pi vit posib apre sa) apre ekspozisyon ou an
- **Si w pa kapab mete yon kachnen**, ou ka retounen lekòl la si w ap patisipe nan tèz chak jou soti nan jou 1 jiska jou 10
- Si sentòm devlope, RETE LAKAY OU, izole imedyatman epi pran yo tèz.

Pwosedi sa yo prezante rekòmandasyon jeneral, men chak ka evalye anfonksyon done nan chak sitiyasyon ki inik.

Pou plis enfòmasyon, konsilte [Oryantasyon Operasyonèl CDC an](#) Pou lekòl K-12 ak Pwogram Swen ak Edikasyon Pre-matènèl Pou Sipòte Edikasyon Prezansyèl